

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan asal kecapna “metode” nu hartina cara pikeun ngalakukeun hiji hal, jeung “logos” hartina élmu pangaweruh. Jadi, métode panalungtikan nya éta élmu ngeunaan cara/prosés pikeun néangan, nyatet, nyimpulkeun sarta nganalisis data nepi ka jadi laporan nu sifatna ilmiah (Narbuko jeung Achmadi 2004, kc. 1). Métode panalungtikan kabagi dua, nya éta panalungtikan kualitatif jeung kuantitatif.

Nurutkeun Sugiyono (2009, kc. 1) panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan hiji objék nu alamiah. Data dina panalungtikan kualitatif, sifatna datana pasti, hartina data nu dihasilkeun lain saukur data nu katempo, nu diucapkeun, tapi data nu miboga ma’na nu tangtu. Dina hasil laporan panalungtikan eusina mangrupa kutipan-kutipan data pikeun méré gambaran ngeunaan hiji objék nu disajikeun dina wangun laporan ilmiah, éta data téh dihasilkeun tina hasil wawancara, catétan laporan, foto, rékaman wawancara, *videotape*, dokumen pribadi, mémo jeung dokumém resmi séjénna (Moleong, 2011, kc. 11). Dumasar jenisna, dina panalungtikan kualitatif aya nu disebut panalungtikan déskriptif, nya éta salasahiji métode pikeun ngagambarkeun kaayaan hiji objék nu ditalungtik sarta ngébréhkeun hal-hal anu dijadikeun inti masalah dina panalungtikan. Dina métodé déskriptif data nu dihasilkeun téh mangrupa kekecapan tinulis, atawa lisan nu sumberna ti jalma-jalma anu dimutalaah sacara partisipasi (Ali, 2007, kc. 42).

Ku kituna dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun métode déskriptif, lantaran dina métode déskriptif diébréhkeun sagala hal nu aya patalina jeung panalungtikan ti mimiti masalah nu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar-dasar tiori nu ngadeudeulan masalah dina panalungtikan, nepi ka nganalisis tur ngébréhkeun hasil tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dina téhnik panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan


Désain panalungtikan prosés anu dirancang ku panalungtikan pikeun ngameunangkeun, ngajawab, jeung ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan.

Désain panalungtikan ngawengku prosés ieu di handap, nya éta:

- 1) ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik;
- 2) obsérvasi, nya éta prosés pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, ku cara survéy ka lapangan, wawancara narasumber, jeung ngadokuméntasi hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan;
- 3) nangtukeun téhnik dina ngumpulkeun data panalungtikan;
- 4) nganalisis data sarta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan; jeung
- 5) ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Bagan 3.1

Désain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Sumber data dina prosés panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun atawa meunangkeun data nu rék ditalungtik. Panalungtikan ngeunaan seni beluk téh ngagunakeun téhnik kualitatif, nu sumber datana dipaluruh tina kekecapan lisan atawa tinulis sarta dokuméntasi nu aya di lapangan. Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2011, kc. 157), sumber data dina kualitatif nya éta kekecapan jeung paripolah, saterusna nu kaasup kana data tambahan nya éta dokumén jeung sajabana. Anu jadi sumber data atawa sumber informasi dina ieu panalungtikan nya éta jalma-jalma nu dianggap kokolot/sesepuh sarta apal kana hal-hal nu patalina masalah panalungtikan ti jaman baheula nepi ka kiwari, sumber buku nu aya patalina jeung panalungtikan.

Dumasar kana éta hal, data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Kekecapan jeung paripolah informan nu diwawancara téh mangrupa sumber data nu utama. Sumber data utama ditulis, direkam, atawa difoto. Data hasil panalungtikan mangrupa hasil kagiatan ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara jalma nu apal kana hal-hal nu rék ditalungtik. Nurutkeun Moleong (2011, kc. 158) sumber data nu dihasilkeun tina prosés panalungtikan kudu mangrupa hasil nu dilakukeun dina kaayaan sadar jeung topik nu rék ditalungtik/dianalisis kudu puguh, lantaran teu sakabéh data atawa informasi nu aya bakal ditalungtik, kudu diluyukeun jeung rumusan masalah.
- 2) Sumber tinulis atawa référénsi buku anu digunakeun sifatna kudu ilmiah, saperti skripsi, tésis, buku-buku terbitan dinas pamaréntahan, jurnal ilmiah, sumber informasi nu aya di lembaga pamaréntahan atawa arsip nasional, jeung sajabana.
- 3) Foto mangrupa alat nu dipaké pikeun nganalisis data nu dihasilkeun dina kagiatan panalungtikan. Kiwari, téhnologi beuki dieu beuki maju jeung rupa-rupa jenisna, kitu deui sumber data panalungtikan teu ngan saukur foto wungkul, tapi bisa mangrupa rékaman sora jeung rékaman video. Aya dua katégori foto nu bisa

dimangpaatkeun dina panalungtikan, nya éta foto hasil batur jeung foto hasil panalungtikna sorangan (Bogdan jeung Biklen dina Moleong, 2007, kc. 160).

4) Data statistik mangrupa sumber data tambahan pikeun panalungtikan sangkan data nu dipaké akurat. Data statistik méré gambaran/informasi ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial jeung ékonomi, jrrd (Moleong, 2011, kc. 163).

Dumasar tiori di luhur, sumber data nu dihasilkeun dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara ka seniman seni beluk, sesepuh/kokolot di éta lingkungan, aparat pamaréntah désa sarta buku terbitan dinas pamaréntahan sarta buku-buku karangan para ahli nu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan.

3.2.2 Gambaran Umum Lokasi Panalungtikan

3.2.2.1 Lokasi Géografis

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta Désa Rancakalong. Désa Rancakalong téh pernahna di Kacamatan Rancakalong, Kabupatén Sumedang, ieu désa téh pernahna di bagian Kulon Kabupatén Sumedang nu jarakna kurang leuwih 2, 5 km ti pusat Kota. Wates wilayah Désa Rancakalong beulah kalér aya Désa Cibunar jeung Désa Nagarawangi, beulah wétan ngawates Désa Pamekaran, wates beulah kidul aya Désa Pasirbiru, jeung Beulah kulon ngawates Désa Cijambu. Luas wilayah Désa Rancakalong legana nya éta 385 Ha. Désa Rancakalong mangrupa wilayah anu kaayaan lingkungan alamna masih asri, lantaran ayana di dataran tinggi, nu luhurna 700-715 m (dpl), nu suhu udarana 25° C sarta curah hujanna rata-rata 85 mm. Désa Rancakalong kabagi kana 3 Dusun, 8 RW, jeung 36 RT.

3.2.2.2 Peta Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang

Gambar 3.1

Lokasi Panalungtikan



Sumber: Monografi Désa Rancakalong Taun 2014

**SENI BELUK
DI DÉSA RANCAKALONG**

3.2.2.3 Kondisi Sosial Budaya

1) Agama

Dumasar informasi ti kantor Désa Rancakalong, Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang, marakat Désa Rancakalong mayoritas ngagem agama Islam. Pikeun ngarojong kana ibadahna, di Désa Rancakalong aya 4 Masjid, 23 Langgar, Musola 2, Pondok Pasantren 1, jeung TPA 6. Sanajan masarakat Désa

Susi riska kelana, 2015

**SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Rancakalong mayoritas ngagem agama Islam, masaraka Désa Rancakalong masih percaya kana mitos/gaib, éta hal katitén tina paripolah masarakatna nu masih sok nyadiakeun sasajén dina waktu nu tangtu jeung masih sok datang ka tempat-tempat karamat sarta masih kénéh tatamba ka jalma “bisa” nalika aya kasakit atawa hal-hal séjénna.

2) Sosial Budaya

Kaayaan sosial budaya masarakat Désa Rancakalong masih kénéh nyekel kana budaya tradisional titinggal luluhurna. Désa Rancakalong kawéntar ku kasenian tarawangsa jeung tradisi ngalaksa, salian éta aya kasenian rengkong, terebang jeung seni beluk. Seni beluk nya éta salasahiji kasenian tradisional nu aya di Rancakalong, ieu kasenian téh sok dipintonkeun dina sukuran kawinan, kakandungan, ékah, sunatan, jeung lianna. Tapi kaayeunakeun seni beluk di Désa Rancakalong, geus teu ngirut di masarakatna sorangan, lantaran ieu kasenian téh buhun pisan, tapi masih aya nu nyekel pageuh ieu kasenian téh nya éta ku palaku kasenianna jeung di lingkungan kulawargana.

3) Kependudukan

Jumlah penduduk di Désa Rancakalong, Kacamatan Rancakalong, Kabupatén Sumedang nya éta 4.177 urang, lalaki aya 2.317 urang jeung awéwé aya 1.860 urang.

Tabél 3.1

Jumlah Penduduk Désa Rancakalong

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Lalaki	2.317
2	Awéwé	1.860
Jumlah		4.177

Sumber: Monografi Désa Rancakalong Taun 2014

4) Pendidikan

Désa Rancakalong miboga sarana pendidikan, nya éta 1 TK, 2 SD, 1 SMP Terbuka, 5 Madrasah, jeung 2 PAUD. Umumna masarakat Désa Rancakalong tamatan ti SD, tapi aya ogé nu sakola di paguruan luhur.

Tabél 3.2
Pendidikan Masarakat Désa Rancakalong

No	Jenis Pendidikan	Jumlah
1	SD/MI	2.577
2	SMP/SLTP	544
3	SMA/SLTA	427
4	Akademi	52
5	PT/S1	83
Jumlah		3.683

Sumber: Monograpi Désa Rancakalong 2014

5) Pakasaban

Masarakat Désa Rancakalong mangrupa masarakat agraris. Ku kituna mayoritas pakasabanna nya éta tatanén. Tapi, aya ogé anu pakasabanna saperti PNS, buruh, pedagang, wiraswasta, jeung sajabana.

Tabél 3.3
Pakasaban Masarakat Désa Rancakalong

No	Jenis Pakasaban	Jumlah
1	Patani	1.752
2	Buruh Tani	249
3	Padagang	704
4	Buruh Karyawan	72
5	PNS	81
6	TNI	16
7	POLRI	23
8	Wiraswasta	87
Jumlah		2.984

Sumber : Monograpi Désa Rancakalong 2014

6) Basa nu digunakeun

Basa nya éta omongan sapopoé unggal wewengkon (Danadibrata, 2009, kc. 68). Basa nu digunakeun ku masarakat Désa Rancakalong dina kahirupan

sapopoéna nya éta basa Sunda. Tapi lamun aya tamu anu teu bisa basa Sunda, masarakatna sok ngagunakeun basa nasional (Indonesia).

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat anu digunakeun ku panalungtik dina kagiatan panalungtikan, pikeun ngumpulkeun data sarta ngolah data sangkan nghontal kana tujuan panalungtikanna. Intrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

1) Kaméra Digital

Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokuméntasi kagiatan-kagiatan panalungtikan dina wangun foto atawa video, saperti observasi lapangan anu aya patalina jeung hal-hal sarta prak-prakan seni beluk.

2) *Handphone*

Handphone mangrupa alat nu dipaké pikeun ngarékam kagiatan wawancara nalika lumangsungna panalungtikan, dina prosés ngumpulkeun data ngeunaan seni beluk.

3) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara dirancang pikeun ngawawancara narasumber (seniman) nu apal kana seni beluk, sangkan bisa lumangsung kalayan lancar nalika prosés ngawawancara, ku kituna panalungtik nyusun sajumlah patalékan anu digunakeun pikeun wawancara, saperti ieu di handap.

Tabél 3.4

Pedoman Wawancara

Data Informan	
1.	Wasta
2.	Umur
3.	Jenis Kelamin
4.	Atikan
5.	Pakasaban
6.	Agama
7.	Alamat
No.	Patalékan

Susi riska kelana, 2015

SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.	Kumaha sajarah mimiti ayana seni <i>beluk</i> di Désa Rancakalong?
2.	Iraha mimiti dilaksanakeun seni <i>beluk</i> ? Seni <i>beluk</i> sok dilaksanakeun di bulan naon sabaraha kali tina sataun?
3.	Kumaha respon masarakat jaman baheula jeung kiwari kana diayakeunna seni <i>beluk</i> ?
4.	Aya parobahan naon seni <i>beluk</i> jaman baheula jeung jaman kiwari?
5.	Persiapan naon waé anu kudu di siapkeun saacan lumangsung seni <i>beluk</i> ?
6.	Aya ritual husus atawa henteu dina seni <i>beluk</i> ? (aya balukarna teu, lamun teu dilaksanakeun)?
7.	Iraha waktu lumangsungna seni <i>beluk</i> ?
8.	Dimana tempat lumangsungna seni <i>beluk</i> ?
9.	Kumaha prak-prakan seni <i>beluk</i> (saacan, lumangsung jeung sanggeus)?
10.	Naon fungsina jeung peran diayakeun seni <i>beluk</i> di Désa Rancakalong?
11.	Naon tujuan diayakeun seni <i>beluk</i> ?
12.	Aya mangpaatna atawa henteu diayakeun seni <i>beluk</i> ?
13.	Saha waé nu ilubiung dina seni <i>beluk</i> ?
14.	Pakakas naon waé anu kudu dipersiapkeun dina seni <i>beluk</i> ?
15.	Bahan-bahan (sasajén) naon waé anu kudu aya dina seni <i>beluk</i> ?
16.	Naon eusi wawacan (carita) nu dibawakeun? Pupuh nu digunakeun?
17.	Kumaha raksukan anu dipaké dina pintonan seni <i>beluk</i> ?
18.	Aya simbol-simbol naon waé anu nyampak dina pakakas nu digunakeun dina seni <i>beluk</i> ?
19.	Naon simbol-simbol nu nyampak dina sasajén nu aya dina seni <i>beluk</i> ?
20.	Aya parobahan atawa henteu bahan-bahan (sasajén) jeung pakakas jaman baheula jeung kiwari?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling strategis dina kagiatan panalungtikan, kusabab tujuan utama dina panalungtikan nya éta meunangkeun data (Sugiyono, 2009, kc. 62). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana ieu di handap.

1) Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik anu dipaké pikeun ngameunangkeun data sacara langsung tur akurat kana naon-naon nu katempo, katingali sarta karasa nalika ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan di lapangan ngeunaan seni *beluk* di Désa Rancakalong. Dina kagiatan obsérvasi tangtu aya objék anu ditalungtikna, nurutkeun Spradley (dina Sugiyono 2009, kc. 68), dina obsérvasi nu ngagunakeun panalungtikan téhnik kualitatif/déskriptif, ngawengku tilu komponén nya éta 1) *place*, tempat lumangsungna kajadian; 2) *actor*, palaku atawa jalma-jalma anu

miboga peran nu tangtu dina éta kajadian; 3) *activity*, kagiatan anu dilakukeun ku para palaku nu kalibet dina kagiatan sosial nu keur lumangsung.

Obsérvasi déskriptif dilakukeun panalungtik nalika asup atawa ilibiung kana kaayaan sosial nu lumangsung di lapangan. Dina ieu tahap panalungtik, sacara jero neuleuman naon-naon nu katempo, kadéngé, jeung karasa nalika ilibiung di lapangan.

2) Wawancara


Téhnik wawancara nya éta prosés tanya jawab nu disusun dina wangun patalékan nu terstruktur. Ku kituna dina prosés wawancara panalungtik nyiapkeun instrumén panalungtik nya éta nyieun patalékan-patalékan tinulis, dina wawancara narasumber dibéré patalékan-patalékan jeung panalungtik nyatet sarta ngarékam jawabanna (Sugiyono, 2009, kc. 73).

3) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngadokuméntasi sakabéh hal nu lumangsung nalika ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti nepi ka ahir nu patalina jeung seni beluk di Désa Rancakalong. Aya ogé pakakas anu digunakeun nalika ngadokuméntasi, nya éta kaméra digital, *handphone*, jeung alat tulis.

Bagan 3.2

Triangulasi Téhnik Ngumpulkeun Data (Sugiyono, 2009, kc. 84)



3.4 Analisis Data

Data-data anu geus dikumpulkeun nalika panalungtikan di lapangan téh diidentifikasi, sarta tuluy dianalisis ku cara métode déskriptif. Anu didéskripsikeunna nya éra déskripsi umum wewengkon Désa Rancakalong, prak-parakan pintonan seni beluk, papakas nu dipaké, simbol-simbol nu aya dina prak-

Susi riska kelana, 2015

SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

prakan seni beluk, sarta nyieun bahan pangjaran ngeunaan seni beluk, ieu hal dilakukeun pikeun ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah.

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) léngkah tatahar;
- 2) léngkah ngumpulkeun data;
- 3) léngkah ngolah data; jeung
- 4) léngkah nyusun laporan.